

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG REKOMENDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan, analisis jeung pedaran kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII A SMP Humanika 2 Bogor taun ajaran 2015/2016 anu aya dina bab IV, bisa dicindekkeun sababaraha hal ieu di handap:

- 1) Kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII A SMP Humanika 2 Bogor saméméh ngagunakeun média bonéka kawilang can mampuh, rata-rata peunteunna nya éta 54,38 tina KKM 64. Ditilik tina unggal aspék anu diujikeunana, siswa can mampuh tina tokoh, watak tokoh, puseur sawangan jeung tingkesan.
- 2) Kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII A SMP Humanika 2 Bogor saméméh ngagunakeun média bonéka kawilang mampuh, hal ieu katitén tina rata-rata peunteun *posttest* nya éta 71,74 tina KKM 64. Dumasar kana hasil kamampuh awal jeung ahir, yén kamampuh ngaregepkeun siswa kelas VII A SMP Humanika 2 Bogor taun ajaran 2015/2016 ngaronjat tina can mampuh (54,38) jadi mampuh (71,74).
- 3) Aya béda anu signifikan antara kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-A SMP Humanika 2 Bogor Taun Ajaran 2015/2016 saméméh jeung sabada digunakeun média bonéka. Jadi, média bonéka bisa ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII A SMP Humanika 2 Bogor.

#### 5.2 Rekomendasi

Sabada dilaksanakeunana panalungtikan média bonéka pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII A SMP Humanika 2 Bogor taun ajaran 2015/2016, média bonéka jadi salah sahiji alternatif dna pangajaran ngaregepkeun hususna ngaregepkeun dongéng.

Saran tina ieu panalungtikan, dipiharep guru bisa milih média pangajaran nu cocok pikeun diajar sangkan teu monoton. Pikeun siswa dipiharep ku ayana média-média téh bisa numuwuhkeun sumanget tur bisa ngaronjatkeun hasil diajar.

Média bonéka oge salah sahiji média nu cocok dilarapkeun dina pangajaran ngaregepkeun dongéng pikeun siswa SMP, ka hareupna dipiharep loba panalungtikan ngeunaan média nu bisa mantuan guru ogé siswa dina prosés pangajaran di kelas.